

Transkripsyon videyo

1. Chache yon lojman . . . pa sèlman limite nan Seksyon 8 la.
2. Lojman sibvansyone ak abòdab vini nan diferan gou.
3. Avèk lojman sou sit, yon sibvansyon lye ak yon adrès.
4. Ou aplike pou w abite nan adrès sa a.
5. Avèk lojman pòtab, yon sibvansyon lye ak yon moun.
6. Ou aplike pou yon kupon ou ka itilize pou lwe yon kote ou jwenn.
7. Lojman sibvansyone ak abòdab yo finanse nan diferan fason.
8. Lojman kapab finanse pa gouvènman federal.
9. Lojman kapab finanse pa Leta.
10. Lojman kapab byen pwopriyetè prive ki lwe kèk inite nan yon pousantaj pi ba sou mache a
 - jeneralman paske yo te benefisye kredi sou taks.
11. Ann kòmanse mete tout anplas.
12. Nou pral konstwi yon tablo sou posibilite lojman abòdab ak sibvansyone pou moun andikape nan Massachusetts.
13. Nan ka yon lojman sou sit, sibvansyon an lyen ak yon adrès.
14. Yon kupon pòtab gen yon sibvansyon lye ak yon moun.
15. Lojman kapab finanse pa gouvènman federal.
16. Lojman kapab finanse pa Leta.
17. Lojman kapab inite ki rezevè pa yon pwopriyetè prive pou moun ki gen revni fèb.
18. Si ou te sou www.18section8.org, ou abitye deja ak kupon Seksyon 8 pòtab la. Li finanse pa gouvènman federal la, epi li vwayaje ak moun nan oswa fwaye a.

19. Genyen tou Seksyon 8 baze sou sit la. Ou aplike pou w abite nan yon adrès presi. Li se yon lis datant diferan nan lis Seksyon 8 pòtab yo.
20. Pafwa, lojman federal pou moun aje gen ladann inite ki rezève pou jèn adilt ki andikape. Sa a se sou yon baz pwopriyete pa pwopriyete.
21. Yon moun ki gen yon andikap ka aplike pou viv nan yon lojamn federal pou fanmi an kòm yon fanmi yon sèl manm.
22. Pwogram Koupon Lokasyon Massachusetts, oswa MRVP, se yon pwogram leta finanse. Li ka itilize pou kote espesifik.
23. Genyen tou yon kupon pòtab MRVP. Li deplase ak moun lan nan menm jan yon kupon Seksyon 8 pòtab fè.
24. Nan Massachusetts, 13.5% nan tout inite nan lojman retirete Leta yo rezève pou moun andikape.
25. Yon moun ki andikape ka aplike pou viv nan lojman fanmi kòm yon fanmi yon sèl manm.
26. Pwogram Koupon Lojman Altènatif la se yon kupon pòtab nan Massachusetts sèlman pou granmoun andikape.
27. Kèk inite nan lojman prive abòdab yo rezève pou moun ki gen revni ki egal oswa anba 30%, 40%, oswa 50% Revni Medyàn Zòn la. Moun ki rete nan inite sa yo peye yon pousantaj nan revni yo nan lwaye.
28. Kèk inite nan lojman prive abòdab yo rezève pou moun ki gen revni ki egal oswa anba 60%, 75%, 80%, oswa 100% Revni Medyàn Zòn la. Moun ki rete nan lojman sa yo peye yon montan fiks nan lwaye ki fèt pou li abòdab pou yon moun nan nivo revni sa a. Yon moun k ap viv nan youn nan inite sa yo ka, nan kèk sikonstans, itilize yon kupon Seksyon 8 pòtab pou ede peye lwaye a.
29. Lè w aplike pou plizyè kalite lojman, ou gen anpil chans jwenn lojman pi vit.

30. Ou vle aprann kijan pou aplike pou opsyon lojman sa yo?

Ale sou www.18section8.org epi klike sou "Lèt fason pou aplike pou lojman"

31. Kredi